Лэжьэгъуэхэмэ бынхэмэ я щапхъэ

2-нэ нап.

Лышхым фыхуэсакъ

3-нэ нап.

Кязим и фэеплъ зэхыхьэхэр

4-нэ нап.

Сыт щыгъуэ я гум илъынущ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№125 (24.719) ● 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ

Узыншагъэр гулъытэ щыщIэркъым

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ цыхубзым я узыншагъэр егъэфIэкIуэным и Iуэхукlэ ведомствэхэр зэзыгъэуIу советым и зэIущIэ. Апхуэдэ советыр къызэрагъэпэщащ узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм экърал политикэр, цIыхухэм я бжыгъэм, гъащIэм и кIыхьагъым хэгъэхъуэнымкIэ лъэпкъ программэхэр зэрагъэзащIэр, узыфхэм зэрапэщIэт Iэмалхэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ.

«МЫПХУЭДЭ зэзыгъэIу советыр Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и чэнджэщкIэ къызэдгъэпэщащ. УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэм къэралым зиужьынымкIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуар жылагъуэр хъумэнырщ, узыншагъэр егъэфIэкIуэнырщ, цIыхухэм я зэIуэзэпэщ псэукIэм зегъэужьынырщ, унагъуэр дэIыгъынырщ. Шэч хэмылъу, ахэр ягъэ игъэщылъхьэщ. Дызыхэкlуэ лъэхъэнэм Президентым къалэн нэхъыщхьэу къытхуигъэувахэм ящыщщ 2030 гъэм ирихьалIэу бзылъхугъэр лъхуэн-пIэн ныбжьым къриубыдэу ику иту къыпхуэфыну сабий бжыгъэм 1,6-кIэ хэгъэхъуэнырщ, адэкIэ 2036 гъэм ар 1,8-м нэгъэсынырщ. Апхуэдэуи къытпэщытщ сабий ещанэу, еплIанэу дунейм къытехьэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хэгъэхъуэнырщ, 2030 гъэм ирихьалIэу цIыху гъащIэм и кIыхьагъыр илъэс 78-м, 2036 гъэм илъэс 81-м нэдгъэсынырщ, узыфхэм я пэщIэтыныныкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэныкIэ щытыкIэхэр къызэгъэпэщынырщ, жылагъуэр спортым дегъэзыхьэныр. А мурадхэр зэгъэхъуэнымкIэ, жылагъуэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ къалэн нэхъыщхьэхэр зэфIэхын папщIэ ведомствэхэм зэгъэуэсу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зэдагъэзэщIэн хуейщ».

КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къалэбатэ Рустам советым хэтхэр щигъэгъуэзащ цIыхубзм я узыншагъэр хъумэнымкIэ, медицинэ профилактикэмкIэ лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ щыналъэ Iэнатlэ къызэрызэрагъэпэщынум, а унэтIныныгъэмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм.

Зэ1ущIэм хэтхэм видеозэпыщIэныгъэкIэ закъыхуигъэзащ Узыншагъэмкlэ къэрал центрым и унафэщI, Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм медицинэ профилактикэмкIэ и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэ Ивановэ Катеринэ. Абы къыхигъэщащ цIыхум и узыншагъэр хъумэным хуэунэтIа щытыкIэхэр къыхузэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Зи гугъу ящI Iуэхум теухуауэ я еплIыкIэхэр къагъэлъагъуэу къэпсэлъащ КЪБР-м спортымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Лу Азэмэт, щыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и дэIепыкъуэгъу Тарим Алисэ.

Мы зэманым ирихьалIэу республикэм и жылагъуэм и нэхъыбэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыхуагъасэ. Щыналъэм спортым зыщыхуагъасэ щыIэныр 1700-рэ щыIэщ. 2018 гъэм щегъэжьауэ объект 66-рэ къызэIуахащ - спорткомплексу 10, спортым зыщыхуагъасэ щыIэу 56-рэ. Апхуэдэу я мурадщ къуажэхэм спорт инфраструктурэм зыщрагъэжьыну, физкультурэмрэ спортымрэ дихьэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэну.

КIуэкIуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Зарызыхуигъэзам къыхигъэщащ къуажэхэм спорт объектхэр щыхуэзнымкIэ яIэ мурадхэр. 2030 гъэ пщIондэ къэрал программэхэмрэ проектхэмрэ ягъэзащIэкIэрэ я мурадщ республикэм спорт объекту 84-рэ щагъэхуэну, 30-м зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну, 6-р къагъэщIэрэщIэжыну.

Гъащ1э узынш1э екъэкIыным и мыхьэнэр къэIэтыныныкIэ къалэн нэхъыбэ я пщэ къыдохуэ щ1алэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгъэныгъэхэмрэ. КЪБР-м Щ1алэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Iуэхущ1апIэм зиужьынымкIэ дэIепыкъуэгъу мэхъу.

Зэ1ущIэм щыжаIащ волонтёр зэщIэхъеенныгъэхэм зегъэужьын Iуэхум Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрыт щ1алэгъуалэр, псом хуэмыдэу къэралым и гулъытэ хуэныкъуэ унагъуэхэр къыхэшэн зэрыхуейр. Къыхагъэщащ хьэл мыхъумыщIэхэм зыщыдзениным тет цIыхухэр щылажьэ Iуэхущ1апIэхэм гушхуэныкIэ Iэмалхэр къыхэлъхьапхъэу, узыншагъэр хъумэнымкIэ проектхэм я мыхьэнэр къэIэтыпхъэу. Гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэу къагъэлъэгъуа Iуэхухэм хэпльэнурэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпынущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын **Хъубий Марат Башир и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№111-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым гъэувын **Дыщэкl Аслъэн Заурбэч и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№112-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министру гъэувын **Сыжажэ Хьэсэн Лабид и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№113-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министру гъэувын **Тэхъу Аслъэн Долатий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№114-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ

КЪБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмрэ гъэсныныпхъэ-энергетикэ Iуэхухэмкlэ и комитетым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2024 гъэм бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм республикэм и Iуэхущ1ап1эхэр зэрыхуэхьэзырым.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КЪБР-м и Парламентымрэ суд Iуэхущ1ап1эхэмрэ щыщ **Дышэкl Мадинэ**, депутатхэр, КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмкlэ и министрым и чэнджэщагъэу **Бэлагъы Борис** ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым къыхэгъэщащ унэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ хуабэ зэрыратынум зэрыхуэхьэзырым и дэфтэрхэр республикэм и къалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм къызэратар.

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыл1эжьэнум республикэм и псэупIэ фондыр проценти 100-кIэ хуэхьэзырщ, котельнэхэр - процент 98,9-кIэ, хуабэр зэрыкIуэ бжьамийхэр процент 97-кIэ, псы жалIэхэр - процент 98-кIэ. Хуабэр езыт Iуэхущ1ап1эхэр зэрыхьэзырым теухуа я дэфтэрхэр къаташ республикэм и район 13-м ящыщу 12-м.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, министерствэм зэпымыуу и нэIэ тетщ щыналъэм и ЖКХ-р Iуэхум зэрыхуэхьэзырым. Къалэхэмрэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм къызэрагъэпэщащ жэщми махуэми лажьэ диспетчер Iэнатlэхэр, лэжьыгъэр зыщIыпIэхэм хъыщызэпыудмэ ахэр зэзыгъэпэщыжыну гупхэр.

Зэ1ущIэм къыщыпсэльащ Экологиемкlэ, технологиемрэ атом кIэльыпIныныгъэмкIэ федеральнэ Iэнатlэм Къабэрдей-Балъкъэрым щыщ Iуэхущ1ап1эм энергетикэ кIэлъыпIныныгъэмрэ гидротехникэ ухуэныгъэхэмкIэ и унафэщI **Неганов Сергей**. Абы зэрыжиIамкIэ, мы зэманым къапщытащ хуабкIэ къызэзыгъэпэщ Iуэхущ1ап1э 20. Ар къытеувыIащ къыщIэгъэща ныкъусаныгъэхэмрэ ахэр ягъэзэкIуэжын папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ.

Апхуэдэуи зи мычэзу къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ «Прохладнэ теплоэнерго» АО-м, «ТК Эльбрустеплоэнерго», «Налшык хуабэ сетьхэр» ООО-хэм. Абыхэм къыщыщIагъэща щыщIэныгъэ 267-р ягъэзэкIуэжащ.

И Iуэху еплIыкIэр зэ1ущIэм къыщигъэлъэгъуащ КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Унэжокъуэ Астемыр**.

Зэ1ущIэм щытепсэлъыхьащ къыщIагъэщ ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыным пыща гугъуехьэм, Зёздэнэ къуажэм дэт котельнэр зэрызэрагъэпэщыжым, Iуэхущ1ап1эхэр зэрызэдэлажьэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр къэлъытауэ, комитетым унафэ къыщтащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Джэдыкъуэ къапоплъэ

Жэпуэгъуэм и 18 - 20-хэм Джэдыкъуэ щызэхэтынущ илъэс къэс «Джэдыкъуэ плъыжь» шы-спорт комплексым къыщызэрагъэпэщ, КЪБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ къыщалъхуа махуэм ирырагъэхьэлIа шыгъажэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ къриубыдэу, щыIпIэ мыхьэнэ зиIэ шыгъажэм хэту, километр 40, 80 зэпызычынуэхэм я ехъулIэныгъэхэм хуэфащэ спорт дамыгъэхэр иратыжынущ. КъинэмышIауэ, Джэдыкъуэ щекIуэкIынущ километри 120-рэ, 160-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычынымкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэри. Шluхэр зрикIуэнур машинэ зекIуапIэхэм япэIущIэ мывалъэ губгъуэ гъуэгущ. Дэтхэнэ шыгъажэри Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудауэ щытынущ.

Зэхьэзэхуэм хэтыну хуитщ илъэс 12 - 14-м нэхърэ мынэхъыщIэ цIыхубзкIэр, цIыхухъухэр, сабийхэр, шыхэр илъэси 6-м щIигъуу щытын хуейщ. Араща, Джэдыкъуэ шыгъажэм хэтынур спортсменхэм я закъуэхъым, атIэ я къару здынэсым еплъынухэр япэу ирагъэблагъэ.

Шыгъажэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэм я лъэIу тхьилъэр жапуэгъуэм и 15 пщIондэ хэщIапIэм ирагъэхь хъынущ. ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ щыхь тхьилъэр, кубок-эр, ахъшэ саугъэтхэр, фэеплъхэр, медалхэр иратынущ, щхьэж зригъэхъулIэфам елъытауэ. Тыгъэ фондыр сом мелуан 1,5-м нос. Мыгъэ-рей зэхьэзэхуэр УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэм, Бахъсэн щIыпIэ администрацэм, «Отрада» шы спорт клубым къызэрагъэпэщащ.

ДОЛ Iэминэ.

Ди къуэш республикэхэм

Хамэбзэм хуэдэу



МЕЙКЪУАПЭ. **Адыгей къэрал университетым и тхыль тедзапIэм къыщыдкIаш адыгабзэ грамматикэр зэрадж лэжьыгъэ тетрадь. Адыгабзэр хамэ къэралыбзэм хуэдэу джыным хуэгъэпса мы дерсыр иджы япэу аращ икIи ар зэхэзыльхьар филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Дол Руэаннэщ.**

УНИВЕРСИТЕТым и пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ, лэжьыгъэ тетрадым щызэхэхьэсащ пэжыпхэр зэрадж Iэмалхэмрэ щэхуэмрэ, дерсхэр, унэ лэжьыгъэхэр икIи ахэр хуэгъэпсащ адыгабзэр нэхъ тыншу студентхэм зрагъэщIэным. Тхьилъым лъабжьэ зэхуэдэу Тыркум щыIэ Дюздджэ университетым адыгабзэмрэ щэхабзэмкIэ и кIудамэм илъэс куэд хуэдиз зэрыщрагъэдж Iэмалхэр.

Лэжьыгъэр университетым и программэм хагъэхьащ икIи абыкIэ ирагъэджнущ адыгэ филологиемрэ щэнхабзэмкIэ факультетым урысыбзэкIэ псалъэу щIэс студентхэр. ЦIыху щхьэхуэхэмэ ар къагъэсэбэп хъунущ я лэжьыгъэ е я щхьэ Iуэхукlэ.

Зэныбжьэгъугъэм и щыхьэту

СЫХЪУМ. **Абхъазым и Президент Бжание Аслъэн Сыхъум щыхуэзащ Урысей Федерацэм и Новгород Ищхьэрэ къалэм и унафэщI Шалабаев Юрий.**

РЕСПУБЛИКЭМ и лЫщхьэм зэIущIэм къыщыхигъащащ лъэныкъуитIыр зэдэлэжьэну зэрыфIэцIуэрэ икIи абы щхьэкIэ IэмалыфIхэр зрыщыIэр.

«Дэ Урысей Федерацэм хэIэтыкIауэ дыбгъэдэтщ. Ди къэралыгъэр, щхьэжьитыныгъэр къэлъытащ. Къэрал зыбжанэм, ауэ УФ-мрэ дэрэ дяку дэлъ зэхущытыкIэхэм хуэдэ нэгъуэщIхэм яхуди1экъым. Урысей Федерацэр сыт и лъэныкъуэкIи ди Iэпэгъущ», - жиIащ Бжание Аслъэн.

Шалабаев Юрий фIыщIэ хуищIащ Абхъазым и президентым икIи къыхигъэщащ Сыхъумрэ Новгород Ищхьэрэмрэ зэкъуэшу-къалэ зэрызэхуэхьуам и щыхьэту Iэ зытрадзэну зэгурыIуэныгъэм къэралитым я зэныбжьэгъугъэр зэригъэбыдэнум шэч къызэрытримыхьэр. Ахэр зэдэлэжьэнущ экономикэ, инвестицэ, щэнхабзэ, спорт, нэгъуэщI унэтIныныгъэхэмкIи.

Зэгурыуэныгъэм Iэ щIадзащ Шалабаев Юрийрэ Сыхъум къалэм и унафэщI Эшбэ Беслъэнэр.

Гъуэгу Iэхуитлъэхуитхэр

ЧЕРКЕСК. **«Гъуэгуфl шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ пэхущIэм хыхьэу Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэм и автомобиль гъуэгухэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр дызэрыт илъэсым и кIэм ирихьалIэу зэфIагъэкIынущ. Абыхэм псомиз щыпIэ 25-рэ къызэщIаубыдэ.**

ЧЕРКЕСК къалэ администрацэм и унафэщI Баскаев Алексей и телеграм-каналым зэрыщитхамкIэ, лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI гъуэгухэр къыхэзыхар къалдэсэрщ икIи къэпэщылъа Iуэхухэм я нэхъыбэр Родниковскэ, Орджоникидзе, Джатэкъулым, Ширшовым, Чапаевым я щIэхэр зезыхьэ, Первомайскэ, Набережнэ, Больничнэ, Московскэ, Зэныбжьэгъугъэм, Курсавскэ уэрамхэмрэ Дорожнэ уэрамэкIымрэ щызэфIагъэ- кIащ.

Баскаевым зэрыжиIамкIэ, зэгурыIуэныгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мы гъэм илъэсыщIэ щыIамахуэ зэгъэпэсэхугъуэхэм щIадзэнущ дыгъэгъазэм и 31-м, щиухынур - 2025 гъэм щыIыщIэм и 8-рщ. Цыхуэр лэжьапIэ щыдэкIыжынур етIанэгъэ щыIыщIэм и 9 махуэрщ. Еджакlуэ цIыкIуэхэм тхьэмахуитIкIэ загъэпсэхуну Iэмал яIэнущ: дыгъэгъазэм и 30-м къыщыщIэдзауэ щыIыщIэм и 12 пщIондэ.

ХЬЭМЭДЭ Хьэдадэ.

Лэжьэгъухэми бынхэми я щапхъэ

● Унагъуэм и илъэс

**Унагъуэр зытещIыхьар лъэгъуныгъэм и закъуэкъым, атIэ абы и лъабжьэ быдэщ зэхуэпэжныгъэр, зым адрейм хуищI пщIэр, яэыхэзыр щытыкIэ гугъу щиувэм и деж щIэгъэкъуэн нэс зэхуэхъуфыныр, гъащIэм узыщирихьэлIэ лъэпощхьэпохэм я хэкIыпIэр зэгъусэу къэгъуэтыныр. Унагъуэ пщIыныр фIыуэ зэгупсысын, зэпэшэчэн хуей Iуэхугъуэщ, сыту жыпIэмэ гурыщIэ хуабэхэм я фIыгъэкIэ ар къэхъуми, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, гугъу узыдекъэн, акъыл зэпхьэлIэн хуей лъапIэныгъэщ. УэщыгуфыкI хъунщ илъэс куэд хъуауэ зэгурыIуэ-зэдаIуэжу псэу унагъуэхэр, абыхэм я дуней тетыкIэмрэ я Iущыгъэмрэ, я нэхъыжь гъэлъэпIэкIэмрэ быгъэсэкIэмрэ Iэджэм зэращапхъэр. ГуфIэгъуи гуауи здаIэту, зым Iэпыхуэр адрейм къищтэжу зэдопсэу Лэскэн ЕтIунэ хуэхъуэм щыщ Абазэхэ Мухьэмэдрэ Ларисэрэ. Мы гъэм и гъатхэм илъэс тхущI хъуауэ абыхэм унагъуэ дахэ зэрауихуэрэр. А тIури къызэрыгуэкI бынунагъэшхуэм къыщалъхуащ, я адэ-анэр цIыху пэжу, щыпкъэу щытахэщ.

- ГъащIэм сыхуэзарэзыщ абазэ Ахьмэдрэ Иуан Гуэщланэрэ хуэдэ адэ-анэ сызэриIам папщIэ. Илъэсих фIэкIа сымыхъуу си адэр сфIэкIуэдами, зэи сщыгъупщакъым анэм нэхъыр нэхъ лъапIэ зэрящIымIэр къызжиIэу зэрыщытар. Псэ хуабагъэ сызэрыщамыгъэщIам, сыт хуэдэ Iуэхури къызэрызадыгъам папщIэ фIыщIэшхуэ яхузощI си щыпхъуэху Ксенэ, Мариндж, Люсенэ, Светэ сымэ. Си къуэш закъуэ Анатолэ си гум нобэми щопсэу икIи зэи сщыгъупщанкъым. Илъэс 50 хъуауэ гуапэу сыдегъэкI, гуфIэжу сыкъыдегъэхьэж си щхьэгъусэ Ларисэ. Къулыкъым пщэрыпIь къызэрыщищIым къыхэкIыу, жэщ-мазэкIэ сыкъэхэмыпIыгъуу къэхъуа си бынхэу Владимир, Ася, Оксанэ сымэ сызэрызыхъыкIам щхьэкIэ Тхьэм игъэпсэу, - жеIэ Мухьэмэд.

Къыхэгъэщыпхъэщ Мухьэмэд и адэ Ахьмэд Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтар, и гъащIэ псом милитцэм къулыкъу зэрыщищIар.

ЗэрыжьтIащи, Лариси Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ, школыр абы къыщиухри, пщафIэхэр щагъэхьэзыр училищэм щеджащ. Я унагъуэ зэрагъэпэща иужь, я адэ-анэхэм къыхалъха дахэм, хабзэмрэ нэмысымрэ я бынхэри щIапIыкIи щIадзащ, лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу, цIыху пэжу, я напэ ёмыплIу зы пльэбакъуэ ямычу ягъэсащ. Жьэгу мафIэр зыхъумэ дэтхэнэ унэгущI Іущми хуэдэу, Ларисэ хуэзфIэкIащ унагъуэр сыткIи зыхуей хуэзыгъаазэ щхьэгъусэм щыIбагъ лъэщ хуэхъуну.

Мухьэмэд къыщалIыхьр щылIэжьа Аруан, Лэскэн районэхэм я закъуэкъым, атIэ и ІухэущIафэр къыщащIэ республикэ псом. Къэрал IуэхуэхэмкIэ зэрыхэтэ илъэс 40-м щIигъуэм абы къыхуихащ пщIэрэ щIыхьэр. Гъунапкъэ зэпылъыпIэхэм тета плъырыпIэхэм къызэрыгуэкI милиционеру къыщыщIидзэри, къулыкъу псоми щылэжьэну къыхуихуащ, чэф зиIэу къапэщIэхуахэр зрашалIэ Іуэхущапсэм и унафэщIу, уголовнэ къэпхьыхьэныгъэхэмкIэ следователу, ведомствэм щIэмыт хъулъкIэу къудамэм и Іэтащхьэ, милицэм жылагъуэ щынагъуэм щагъэмкIэ и унафэщIам и къудэзу, иужькIэ а Іэнатlэм и Іэтащхьэу щытащ.

Лэскэн районыр 2003 гъэм къызэрагъэпэщыжа иужь, милицэм и къудамэм и Іэтащхьэ ящIри, нэхъ илъэс гугъу дыдэхэм ар и унафэм щIэтащ. Зигъэпсэхуну пенсэм щыкIуэми, и Іэр зэтридзэу тIысыжьфакъым - Лэскэн район администрацэм и Іэтащхьэм хабзэхъумэ Іуэхущапсэм ядалэжьэныкIэ, терроризмэмрэ дин экстремизмэмрэ япэщIэтыныкIэ и къуэдзэу ягъэуваща.

ЗыдэпIеяуэ, зи чэнджещI щхьэпэ щIэдзIауэ Мухьэмэд къыхигъэщхьэхуIэхэм ящыщщ къыщалъхуа икIи лэжьэн щыщIидза Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и совхозым и унафэщIу, КъБР-м и президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретару, а район дыдэм и РОВД-м и Іуэхущапсэ щыта Дзэгуей Хъэфанрэ.

Шэч хэлъкъым Мухьэмэдрэ Ларисэрэ я къулеигъэ нэхъыщхьэр я бынхэмрэ абыхэм къалъхужахэмрэ арауэ зэрыщытым. Я къуэ Владимир и адэмрэ и адэщхьэмрэ я лъагъуэм иракIуаеу, милицэм, иужькIэ полицэм къулыкъу щиIащ, подполковникыу тIысыжа пенсионерщ, дзэ Іуэхуэм я ветеранщ. Япхъу Ася мэкъумэш академиер къыухащ, школым щащIэ-фIэу щолажь. Оксанэ КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр ІэнатlэкIэ къызэгъэпэщынымрэ абыхэм я къащхьэщыжьынымкIэ и министерствэм и Іэщлагъэлl-экспертщ. Я бынищми я бныжьхэм яхэтщ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуважэрэ иджыри школакIуэхэри. Ауэ шэч зыхэмылъыр зыщ - абыхэм щIыщ дэтхэнэми я адэзыгъаанэщхэм яхуэфащэ щIэблэ къажэкIынущ, щапхъэ зытрахын, чэнджещ щхьэпэ къезыхьэлIэн зэраIэм Іэмал къаретри.

- Ди адэ-анэм дэ зэи кIыхьу зыгуэрым дыщIагъэджьыкIакъым, ахэр дызэрищапхъэр тхурикъурт сытым дежи. Нэхъыжьым зэрепсэлъэн хуейр къыджакъым, езыхэм яхэлъ пщIэр тлъагъурт. Анэм зэрыхущытыпхъэри къызэрыдгурыIар ди адэмрэ анэмрэ я анэхэм зэрыхущытамкIэщ. Ди дежкIэ насыпышхуэт папэрэ мамэрэ зэрызэхущытым дыкъыщIэтэджэну, жыпIэнурамэ, ди сабиигъэр таурыхъ дахэм хуэдэу екIуэкIащ, - жеIэ Оксанэ.

ГъащIэм мыхьэнэ щиIэр, ар пщIэншэу къызэрымыгъэщIам ущызыгъэгуфыкIыр пхузэфIэкIамрэ я бынпщIэхъуэ щIэблэм ебгъэлъэгуфа щапхъэмрэщ. Мис а къулеигъэмкIэ бейщ Мухьэмэдрэ Ларисэрэ. Я бынхэм, я бныжьхэм, абыхэм къалъхужахэм жраIэжьнрэ ахэр зэрагъэIущынкъым акъылрэ яб-гъэдэлъщ нэхъыжьыфIэхэми, я узыншагъэр мыкIуэщIу, зи гуэгурчъэлъагъуэ щIэблэм я гуфIэгъуэ хэпIуэу, ахэр я псэ хуабагъэкIэ ягъэгушхуэу илъэс куэдкIэ игъэпсэу!

ИСТЭПАН Залинэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид Гъузер и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ - и ныбжьыр илъэс 88-м иту дунейм ехыжащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, литературэдж, критик, зэдзэкIакIуэ, УФ-м и Журналистхэм, ТхакIуэхэмкIэ я зэгухэныгъэхэм хэта Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и къуэр.

Къэрмокъуэ Хьэмид Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1937 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыщалъхуащ. 1960 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологическIэ и къудамэр къиухащ. Ар илъэситIкIэ щылэжьащ Зеикъуэ курыт школым. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и аспирантурэр къиуха нэужь, 1964 гъэм Хьэмид щылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ПечатымкIэ и министерствэм хиубыдэ ІуэхущапIэхэм: «Ленин Іуэгу» газетым (1967), «Іуащхьэмахуэ» журналым япэщIыкIэ критикэмкIэ и къудамэм и журналисту (1964 - 1972), иужькIэ и редактор нэхъыщхьэу (1972 - 1977), «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэу (1977 - 1989), 1989 гъэм и жэпэгъэщ щегъэжьауэ абы и редактор пажэу, иужькIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и адыгэбзэ къудамэм и редактору.

Литературэ творчествэм Къэрмокъуэ Хьэмид зритащ 1956 гъэм щегъэжьауэ. Япэу абы къыдигъэкIащ «Сабийхэм папщIэ таурыхъэр» 1963 гъэм. Къэрмокъуэм литературэмкIэ и критикэ гъэмкIэ куэд, литературэдж, публицистикэ лэжьыгъэхэр, очеркхэр, Іуэтэжьэр бжьыгъэшхуэкIэ «Ленин гъузгу», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ» журналым я напэкIуэцIкIэм къытехуащ.

Къэрмокъуэ Хьэмид щIэныгъэ-публицист тхылъу 20-м щIигу, Іуэтэжьэр, новеллэхэр къыдигъэкIащ: «Дэгъэзеигъуэ», «ТхакIуэмрэ зэманымрэ», «Лъэхъэнэм и нэщэнэхэр», «Гъущ таж», «Бажэ пшынэ», «Нартхэр. Пасэрей лIыхъужьмрэ ятеуху тхылъ». Къэрмокъуэм куэд ищIащ лъэпкъ ІуэрыІуатэм и пщIэр къиIэтыжьын папщIэ, абы и Іэдакъэ къыщIэкIащ «Къэбэрдей эпосыр адрейхэм къаззрыщхьэщыкIыр», «ІуэрыІуатэм и лъабжьэр», къинэмыщI лэжьыгъэхэр.

Къэрмокъуэ Хьэмид и литературэ лэжьыгъэхэм щIыпIэщхуэ щаубыдэ зэдзэкIыгъэхэм. Абы адыгэбзэм кърагъэззэгащ уэзщIакIуэхэу Хьан-Джэрий («Къэнчыкъуэ и теуэ»), Къаз-Джэрий («Хьэжькытгъуей ауэзыр»), Кьалэмбий («Абрэджэхэр»), КIэрашэ Темботи и романымрэ повесымрэ: «Шу закъуэ», «КIуакIуэ», «Шапсыгъэпхъу».

Къэрмокъуэр мызэ-мытIэу ягъэлъэпIащ: «ЩIыщIэр къызэриIэтыжам папщIэ» медалыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр, «Печатым и отличник» дамыгъэр, «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

Къэрмокъуэ Хьэмид Іэщагъэлl телъыджэт, щIэныгъэ куу бгъэдэлъэр и хьэтIыр зыми хэмыгъуащIэу. Абы и тхэкIэм мыхьэнэщIэ щIилъхьащ адыгэхэм я блэкIамрэ нобэмрэ, лъэпкъым и литературэмрэ щэнхабзэмрэ къыгурыIуэным. Къэбэрдей тхыбзэм и литературэдж пашэу зэрыщытам и фIыгъэкIэ Хьэмид иджырей литературэм зиужьыми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, и Іэщагъэм илъэс 60-кIэ ирилэжьащ.

ГуащIафIэу, псэ хьэлэлу, цIыхуфIу щыта Къэрмокъуэ Хьэмид зэи ди гум ихужьныкъым. И Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ гурэ псэкIэ дахоугузавэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухэныгъэр, КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухэныгъэр, «КъБР-Медиа» ГКУ-р, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-р, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр.

ГъащIэм адэкIэ къыпещэ

Илъэс куэд щIауэ ди газетым къыпыщIа, и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ ди щIэджыкIакIуэхэм яхуэупсэ, Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ нэхъыжьыфI Къардэн Мухьэмэд и Іэдакъэщ Іэкlэхэм ящыщ зы фи пащхьэ нобэ ныдолъхьэ. Шэч хэлъкъым ар щIэщыгъуэ зэрыфщыхъунум, абы гупсысэ дахэхэм фызэрыхуишэрм.

ЗЭЩIПЪХЬУХЭМ я нэхъыжь Масурэт: «Хэт сыт хуэдэ Іэщлагъэ зриГъэгъуэтыну щIэхъуэпсрэ?» - жиIэу Таужан, Къэрэжан, Папуржан сымэ щеупщIым: «Сэ егъэджакIуэ сыхъуну сыхуэйщ», - жэуап кьитыжауэ щытащ Таужан.

Мурадыр хъарзынэщ, ауэ гъащIэр гъащIэщ, Алыхьым къыпхуигъэфэщам, фыми Іейми, зыри пхуещIэнукъым.

... Хъыджэбзиплрэ щIалитIрэ зэдаГъэтат Зеикъуэ къуажэм щыщ Щоджэнхэ Хьисэрэ Долэтхьанрэ. Зэманыр гугъуми, адэр колхозым щылажьэрти, кърихьэлIэр яхурикъут. Сабийхэр узынышт, щатIэгъэн, яшхын яГуэтырт, фIыуэ еджэзэрт. Псори хъарзынэт, ауэ, гъащIэм и акъужь нэхъ дыдж дыдэр сабийхэм къахуокъуащ.

Щоджэнхэ я унагъуэ дахэм я уэздыгъэр зэуэзэпсэу къатеункIыфIащ, дунейр щыим, фагъуэ хъуащ. Уэри ящхъэзыхьфу, бэГъТIэIymи щызыхъумэфу, зымыгъэмэжалIэу сабийхэм ящхьэщыта Долэтхьан дунейм ехьжащ.

Нэпс щIэбгъэкI защIэкIэ гъащIэр зэрыпхуэмыхьынур, сабийхэр гъуэгу тэмэм тегъэувэн зэрыхуейр зыщIэ Хьисэ и Іэщхьэпэащхьэр дихьейри, лэжьыгъэм хыхьжащ.

Зэ лъапэрэпам нэгъуэщI Іуэху мыщхьэпэхэри къыхуокIуокI, жаIэ. Ар Щоджэнхэ я унагъуэм щынэрылъагъут. И уни, и лъапси Хьисэ трахри, сабийхэр и гъусэу уэрамым къыдэнат. Іуэхур я къуажэм щахуэзэхгъэкIакъым.

- Налшык сыкIуэнщи, нэхъыщхьэ дыдэм селъэIунщ, - жиIэри Хьисэ кIыфIзэхэту гъуэгуанэ теуваш. Ежьащ, гупсысэ дахэхэр и гум щигъафIэу, махуэ зыбгъунщI хъуауэ шхын хуабэ зыIуныкъуа сабийхэр унэм щIишэжу зэригъэшэнэм иригуфIэу.

«Зи нэпсэхэр иджыри мыгъуда сабийхэм, илъэсит фIэкIа дэмыкIауэ, анэнэпIэс дауэ я кьахэсщэн, ауэ икIи си закъуэ сыпплъэщыну пIэрэ ахэр зыхуей хуэзгъэззэным. Сабий зыхьбл зыпIын цIыкубзи къэпхуэтыгъуэфIэкъым, сылажьэмэ, схуэпIыжьынщ, си псэр пытыу, гуныкъуэгъуэ ястынкъым», - мэгупсысэ Хьисэ гъуэгуанэ здытетым.

И Іуэху кьимыкIам иринэщхъейми, фIым щыгугъуэу Хьисэ машинэм ису унэм кьокIуэж...

- ИукIа мыГъущ, иукIащ, - жаIэу, машинэ зэжьэхэуэ къыщыхъуа щIыпIэм деж цIыху куэд щыхэзгъэхьэ. - Хэтхэ ейуэ пIэрэ, унэхъуэжа мыГъуэщ, щIалэ дыдэу...

Адэ закъуэр гугъапIэу зиIэ бынунагъэшхуэм я нэгу щIэкIыр я фIэщ хъуртэжьым, ауэ пэжт Хьисэ зэрыщымыIэжьыр.

Тхьэмыщкlагъэу щыIэр мы зы унагъуэм хухахами ярейти, жыпIэну, зеиншэ дыдэ хъуат сабийхэр. Тенджьэ къуэкъуБеям кьытена къъуафэжьейм ис пэлъытэ сабийхэр щIилъэфэжьынагъуэ щыIэт, ауэ лIыгъэшхуэ яхъуэкIащ псом нэхъыр нэхъыжь Мартин.

Дауи, тынштэкъым Мартин зэрыхуа щытыкIэр - сабийхэм унагъуэ дахэ яухуэнымкIэ защIэбгъэкъуэныр.



- Школыр къэвухи, фымыгузавэу адэкIи феджэ, сэ сльэкI къэзгъэнэнкъым, адрейхэм фезгъэхъуэпсэнкъым, сывдэIэпыкъунщ, фэращ сэ гуфIэгъуэу къыскуэнар, - яжриащ зы пщыхьэщхьэ гъэрым Мартин сабийхэм.

Гугъуехьым ипсыхьа Таужан псори зэхъуапсэ пщащэ къыхэкIащ.

- Уи шыпхъу цIыкIур гурыхуэзщ, псори занщIэу къепхъуатэ, еджэным гукъыдэж хуиIащ. ГурыIуэгъуэщI сыт хуэдэ упщIэми жэуап кьрет. Егъэлеяуэ егъэджакIуэфI кьыхэкIынущ. Хъарзынэт, ужьыказдаIуэрэ, Таужан егъэджакIуэ Іэщлагъэр ебгъэгъуэтамэ, - чэнджещI къритащ егъэджакIуэм Мартин.

- Хъарзынэщ, езыри аращ щыщIэхъуэпсыр, - жиIащ Мартин. - Зыми себлэжьнукъым си шыпхъум щхьэкIэ.

Таужан Налшык кьалэ дзт педучилищэм щIэтIысхьащ. Абы зэрыщеджа зэманыр псынщIэу блэлъэтащ икIи а иужьрейхэр и гум щIэтащ и зэман нэхъ дахэу кьилъытэу щытащ.

Еджэныр хъарзынэу къиуха нэужь Таужан Ислъэмей къуажэм дэт пэщIадзэ школым ягъэкIуащ.

- Умыгузавэ уэ, Таужан. Уи фIэщ щы псори зэрыплъэкIынур, еджакIуэхэр фIыуэ лъагъу, къэбгъэтэнщ уи насыпри. Япэ махуэхэм ди егъэджакIуэ нэхъыфIэхэм ящыщ къыбдэзгъэIэпыкъунщ, - пщащэм и гур фIы хуищIыну кьыжриат, пэщIэдзэ школым и директору лэжьа Шыгъэлыгуэ Хьэсэн.

- Сэ фIы гуэр кьыззэхупламэ, псори зи фIыщIэр Хьэсэнщ, - жиIэжащ илъэс куэд дэжIа иужь Таужан.

Лэжьыгъэм и гур етауэ, махуэ къэс щIэ гъэрым лъыхъуэурэ, илъэсхэр псынщIэу кIуащ икIи Таужан зи Іэщлагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэ хъуащ.

Куэд мыщIэу ар щхьэгъусэ хуэхъуащ а школым завучу щылажьэ Къэбардэ Цацу.

Къэбардэ Таужан зэи щыгугъакъым насыпыр езыр-езыру кьэкIуэну, и гъащIэр езым и Іэкlэ ихуэжащ. Гум и хуабэр яритащ школымрэ и Іыхьлыхэмрэ.

Пэжу жаIэ егъэджакIуэм и гъащIэ псор школым тыхь зэрыхуищIыр. Мыбдеж, щIэныгъэм щIигъуу, уи гъащIэм кьыхьбохри, еджакIуэхэм я гум ибольхьэ илъэс куэдкIэ яхуэщъхьэнур, кьадгъэуэгурыкIуэнур.

Иджы Таужан классым и унафэщIщ. Ар абы и деж кIэ насыпышхуэт, и гукъыдэжщ пхужымыIэну къиIэтырт икIи гугъу зэрехьыр зыхимыщIэу лажьэрт.

Школым и директор Шыгъэлыгуэ Хьэсэн егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр къыщищтэм деж чэнджещI яритырт: «ФыкIэпыплъ Къэбардэ Таужан и лэжьэкIэм. Уэыхуеджэн куэд иIэщ абы. ЕгъэджакIуэ гумызагъэщ».

Таужан ящыщытэкъым «Іэнатlэм бгъуныту екIуэкIхэм», ар и курыкупсэт зыхэтыр. Абы фIыуэ ильагъурт и еджакIуэхэр, ауэ нэхъыбэу и гур зыкIэрыпщIэр адэ-анэ зыщхьэщымытыж е унагъуэ хуэмыщIахэм кьыхэкIа щыкIуэрт. Ар иригъэджа куэдым ядэIэпыкъуащ, гъащIэ лъагъуэ захуэм тригъэуваш. Ауэ псом я нэхъыщхьэращи, абыхэм ящыщ дэтхэнэри гъащIэм хэуващ гуащIэдэкIыр зыхуэдэр къагурыIуаеу. Абыхэм хэт унэ ехуэх, хэт сабийхэр ирегъаджэ, хэт сымаджэхэр егъэхъуж, хэт гъавэ бэв кьрехьэлIэ...

Гугъущ егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Іэщлагъэхэр. ТIэкIу лэжьыгъэм зыщIебгъэжакъэ - гува-щIэхами абы ухущIегъуэжынущ. Таужан ар гурэ псэкIэ зыхищIэрт икIи набдзэгубдзапIъэу бгъэдэтт и Іэнатlэм.

Зэгуэрым, ныбжьыщIэхэм ящыщ зым мурад «хъарзынэ» ищIат адэкIэ емыджэну: а къэзджамкIэ сэ шофер сыхъунущ, жиIэу.

Мытыншу къыщIэкIащ абы упэрыуэнэр. Ауэ Іуэхум ижь ихьащ Таужан. «Уэ псоми уатекIуэу уеджэфынущ, щхьэжьиныным «егъэзапIэрапэ» армыхъумэ», - жриащ щIалэм, и деж иригъэблагъэри. ИужькIэ, тригъэгушхуэжри, школым къыщIэнэжащ щIалэ цIыкIур.

- Си анэм сыхуэарэзыщ, зыми дримыгъэхъуапсэу дипIащ, гъащIэм дызэпIъэфу дригъэсащ, - жеIэ Таужан инпхъу Хьатинэ.

Зы пщыхьэщхьэ гъэрым Таужан тетрадхэм къыпщытэн ихуащ, оценкэхэр игъэувыжри къэтэджажащ. Хьаджэбэ нэхъыщIэр къепэзэзэкIыу щыст. Иджы хуэдэ зэманым ар и ныкъьэгъум деж кIуэрт зэгуэсу урокхэр яГъэззэщIэну, зэрыщIэсыр игъэщIагъуэу абы йоупщI:

- Уи ныкъьэгъум деж укIуэ уи хабзэти, щхьэ ущыс?

- СыкIуэнукъым абы фIэкIа.

- Сыт щхьэкIэ? ФызэфIэнауэ ара?

- Аращ.

- Къэхъуар жыIэт, щхэу хэмылъмэ.

- Сыт зыкъыщIызыфIэщыIыжыр! Абырэ сэрэ баз дызэпихьащ, хэт и анэ нэхъыфIми, зэхэдгъэкIыну. Абы жеIэ, езым ейр арауэ. Дауэ абы и анэр зэрыпэхъыфIыр, ар жэмыш къызэрыгуэкIыу аращ, уэ гъуэгжажьэщ. Абы нэмыщI, ар абы еукI, бзаджэ къыжреIэ.

- Ара жыпIэнур? КъызэгурыгъаIуэт иджы «жэмыш» псалъэм къибгъэкIыр.

- Апхуэдэщ, къызэрыгуэкI лэжьакIуэщ. Уэ ущIэ сэ жысIэну сызыхуейр, - къыпедзыж хъыджэбзым.

- Хьэуэ, къызэрыгуэрыкъым «егъэджакIуэр» щIыхь пылъу, «жэмышыр» зумыпсэын хуэдэ зыгуэру къыщIупсэлъыр. Дэ тIуми зэхуэдэ лэжьыгъэ догъэзащIэ. Абыи и кьалэнхэр псэ къабзэкIэ егъэзащIэ, апхуэдэ лэжьакIуэхэми пщIэ яIащ. Сыт хуэдэ Іэнатlэ анэр пэрымытами, ар анэу къонэж, дэтхэнэ сабийм и дежкIи и анэм нэхъыр нэхъыфI дунейм теткъым. Зегъаесэ адрейхэм я анэхэм пщIэ яхуэпщIу, уеийми апхуэдэу кьыхущытыжьну ухуеймэ, - жриат и пхъум Таужан. - КъыбгурыIуамэ, икIэщIыпIкIэ кIуэи, кьыпхуигъэгъуну ельэIу...

Таужан и бынхэр жьыг ГъабжьэбыдэМ къыдджам хуэдэщ мы зэманым. Зы жьыгым и лъабжьэщи, лъэщщ абы и кьарукI, екIуу абы и дахагъкIэ. Аэр псори зэрыгушхэр, цIыхухэм гуапэу зэрабгъэдэтыр а бзыльхъугъэ щыпкъэм къыбгъэдэкIащ.

Таужан дунейм ехьжащ, ауэ ар кьуажэдэсхэм я гум кьинэжащ цIыху кьабзэу, гуапэу, згъурлыуэ.

... БлэкIащ илъэсхэр. МакIуэ школым Таужан и щIэблэм я щIэблэжэр. Школыр кьаухыуэр зэбгрокI, я насыпи лъыхъуэу. ГъащIэм пещэ адэкIэ...

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭЩIКЪУЕЙ Олег.**

Рашид ящыгъупщэркъым

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхьам кIэлъыплъыныкIэ и управленэм иригъэкIуэкIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ махуэм теухуа Іуэху.

ПэкIуР ящыщзэрагъэпэщащ Налшык къалэ дэт илией №14-м, республикэ УНК-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и лейтенант, 2005 гъэм жэпэгъуэм и 13-м Іэщщкlэ зэщIэуздаудэ республикэм и щыхьэрыи и къарузехьэ Іэнатlэхэм ятеуа бзаджащIэхэм япэщIэта хабзэхъумэНогеров Рашид щеджам.

Фэеплъ зэхьхьэкIэ хэтащ Рашид къыдэлажьахэр, и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, лицейм щIэсхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

ЩIэпхъаджащIэхэм апэщIэту къыгъэлъэгуа псэемыблэжьныгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэНогеров Рашид Урысей Федерацэм и Президентым и Указкlэ «Лыгъэм и орден» кьыхуагъэфэщащ мыпсэужу.

Къыззэхуэсахэр епIащ Таужан и щIалэгъуалэ щIыхь зиIэ и Іэщлагъэм ятеуа бзаджащIэхэм ягъэхъэзыра спектаклым. Творческэ гупым яГъэлъэгуащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтыным теуха теплъэгъуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIа Іуэхугъэ къызэрызэпэщыным икIи егъэкIуэкIыным хуэунэтIауэ илъэс куэд хъуауэ зэрызэдэлажьэм, жылагъуэ Іуэхум жыджэру зэрыхэтым папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр ирагащ лицей №14-м и унафэщIэм, егъэджакIуэхэмрэ абы щIэсхэмрэ.

Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащНогеров Рашид и мемориал пхъэбгъуэ гимназием и блым фIэтым деж.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Анэ мылъкум хагъахъуэ

Унагъуэр зыщIэныгъуэм, бынунагъэшхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпсауэ къэралым Іуэху щхьэпэ куэдщIрагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ зыщ 2007 гъэм щегъэжьауэ етIуанэ сабийр къызыхэхъуэ унагъуэхэм ират анэ мылькур. 2020 гъэм программэм дэщIыгъуэныгъэ игъуэтащ икIи япэ сабийр зиIэхэми апхуэдэ ахъшэр ирату щIадзащ.

ИНФЛЯЦЭМ тещIыхьауэ илъэс кьэс анэ мылькум хохьуэ. Иджыблагъэ Іуэхум щытепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, ветеранхэм я Іуэхуэмкlэ и комитетым иригъэкIуэкIа зIыщIэм. Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министр Котяков Антон абдеж щыжиIащ 2025 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ анэ мылъкум процент 7,3-кIэ зэрыхагъэхъуэнур.

«Япэ сабий зиIэхэм ират ахъшэр сом мин 46-кIэ хэхъуэнущ икIи сом мин 677-м нэсынущ. ЕтIуанэ сабийр зыгъуэтхэм, нэхъапэкIэ апхуэдэ ахъшэр яIэрымыкъымэ, я мылъкур сом мин 61-кIэ нэхъыбэ хъунущ икIи сом мин 894-рэ иратынущ. Анэ мылъкур къаралым и цIыху зы мелуаным щIигъум яIэрыхьэну догугъэ», - жиIащ министрым.

Я щытыкIэм егъэгубжь

Польшэм и цIыхухэр зэгуегъэп Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъуэм къыхэкIыу я къэралым къыIэпхъуа щIалэгъуалэр машинэ лъапIэхэм ису къызэражьхьыж, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр ваГъуитху зиIэ хьэщIэщхэм зэрыщагъакIуэм.

ПОЛЬШЭМ зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм Конияк-Камыш Владислав зэрыжиIэмкIэ, къэралым и цIыхухэу абыхэм ират льготэхэм, щIэныгъэм телажьэхэм я деж, Іэщэрэ нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэр Украинэм зэрызырагъашэм и гугъу дымыщIми, ар захуагъэхьым.

2024 гъэм и накъыгъэ мазэм и кIэм ирихьэлIэу Польшэм щыпсэурт Украинэм и цIыхуу мин 900-м щIигу. Polskie Radio-м ООН-м и къэпщытэныгъэхэр и тегъэщIапIэу къигъэлъэгуащ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу къэралым къэIэпхъуэхэм я бжьыгъэ зы мелуаным щIигъункIэ зэрыхъунур.

Польшэм къэIэпхъуэхэмрэ абы и цIыхухэмрэ я зэхущытыкIэм теухуа къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ Варшавэ дэт университетымрэ Экономикэмрэ гуманитар щIэныгъэхэмкIэ академиемрэ. Абы къызэригъэлъэгуамкIэ, къэралым исхэр арэзы къыщыкрыкъым Украинэм кьикIаэм псори пщIэншэу зэраIэрыхьэм, абы щыгъуэми хуащIэр фIыщIэ ямыщIу. ЩIэупщIэныгъэм хэтахэм я процент 19-м я къэралыр щтапIэ зыхуэхъуахэм дэIэпыкъуныгъэ иратын хуэмейуэ къальытэ.

Жэпуэгъуэм и 17, *махуэку*

♦Къулейсызыгъэ гъкIуэдыным и дунейпсо махуэщ

♦1905 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэм и зэхуэс екIуэкIащ.

♦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкlэ яГъуваща «Хахуагъэм папщIэ», «Заузм къыщигъэльэгъуа лIыгъэм папщIэ» медалхэр.

♦1961 гъэм Къэрал Кремль Уардзунэр къызэIуахащ.

♦1943 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъуатэмыщ Хъызыр**.

♦1952 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щыIэ зиIэ и журналист **Котляров Виктор**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэрэз къыщIэкIынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 7 щыхьынущ.

Жэпуэгъуэм и 18, *мэрем*

♦1941 гъэм къалъхуащ КъБР-м и япэ Президенту щыта, къэралыр лэжьакIуэ, политик Іэзэ **КIуэкIу Валерэ**.

♦1942 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и щыхьэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис**.

♦1958 гъэм къалъхуащ КъБР-м гъэзджэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан**.

♦1968 гъэм къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, Къ

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Бгыщхьэ Алтайр тырку лъэпкъхэм я къежьапІэщ

Жэпуэгъуэм и 8-м Алтай Республикэм щекІуэкІащ «Бгыщхьэ Алтайр тырку лъэпкъхэм я къежьапІэщ. Тырку цивилизацэм зэрыизыжьам и Іуэхукіэ» зыфІащ дунейпсо щІэныгъэ конференц.

АЛТАЙ Республикэм и нэІэ щІэту, зи гугъу тщІы дунейпсо зэхуэсышхуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Тхьщэ, Дзэ-тхьщэ, «ЩІэныгъэ» зэгухьэныгъэхэм, къэралым ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и КъуэкІыпІэ институтым.

Зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэм хэтыну кьежІуэлІахэм хъуэхъу псалъэ тхьаухуиГэхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир: «Евразиер лъэпкъыжь куэдым я къежьапІэщ, тырку лъэпкъхэри яхэту. Иджыпей щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм ялкъ иткІэ, а псоми тхьдэкІэ я лъабжьэр пасэрей Алтайм и бгыщхьэхэрщ. Иужьрей зэманым ди щІэныгъэлІхэми археологхэми тырку тхьбзэм, ар зыІурылъ лъэпкъхэм я псэкупсэм, щэнхабзэм я фэеплъ куэд къызэІуахащ, абыхэм Алтайм тхьдэкІэ щауфыд увыпІэр кьиГэльаГъуэу. Щ.Ьэхуэу къыхэзгъэщІыну сыхуейщ тыркубзэри, абы ирипсалъэ лъэпкъхэм я хабзэмрэ псэукІэ хьэлымри Урысейм щызэфІэува къэрал-цивилизацэ къызэрымыкІуэм къыпхугуэмыхьи и Іыхьэшхуэу зэрыщытыр».

Конференцым къекІуэлІахэм хъуэхъу тхыГэкІэ захуигъэзащ Урысейм и тхьдэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Нарышкин Сергей:

«Нобэр къызэдэсым Алтаишхуэм тырку лъэпкъхэм я щІэиныр ехьэмэ, абы щызэфІэува пасэрей лъэпкъыжьхэм лъабжьэ быдэ зэраІэм икІи фІыуэ зэрызаужьам къыхэкІыу. Мыекъм къыхэщІыкІа фэеплъхэр, рунэ тхыГэзэхэр, шаман диныр, мыбы щагъэІурыщІа мэгъу къару зэмылІэужьыгъуэхэр ди къэралми хамэ къэралхэм щыщ щІэныгъэлІхэм я дежкІи къигъэхъуапІэ телъыджэщ, блэкІар ираджыну. ИльэсищІэ бжьыгъэкІэ зэфІэуващ славянгкэмрэ тырку лъэпкъхэмрэ я зэпыщІэныгъэр. Ар ди къэралыр и пІэ иувэмри сэбэп хуэхъуащ, абы хиубыдэ дэтхэнэ зы лъэпкъми и зыужьыныгъэм гъуэгу зэригъуэтынум и щыхьэту. Сигу кІэрІыж Къуэкіыпіэ щэнхабзэм пщІэшхуэ зэхуэсыщІу щыта Рерих Николай и псалъэхэр: «Урысейр зы расэу зэхэткым, и къарур къызыхихри аращ. Урысейр расэхэмрэ лъэпкъхэмрэ зэгуэхэкІэрэ къэуэнхуэ къэралщ».

Конференцыр къыщызэІуахым къэпсэльа, Урысейм и Дзэ-тхьщэ зэгухьэныгъэм и Унафэщі Мединский Владимир кІыхьгъащащ Евразиемрэ лъэпкъ куэд къызэрыщыунэхуар:

«Мыбдежым нобэ дунейм пщІэшхуэ щызиІэ тюрколог 70-м нэс къуэкІыпІэ тхыдэмкІэ щІэныгъэлІхэу къекІуэлІащ, хамэ къэралу щыт тырку щІыналъэхэм къикІауэ. Тырку лъэпкъхэр зэрызэбгрыІэпхъуКІа щІыкІэм Урысейми нэгъуэщІ лъэпкъ куэдми я щІыпІэр яригъэгъуэтыжащ. Евразиер дунейм щызекІуэ динхэм я мызакъуэу, лъабжьэ зиІэ цивилизацэ куэдым я къежьапІэщ. Ар щІэныгъэлІхэр щІриззадгъуэ Іуэхущ, аращ мыбы нобэ къэрал зыбжанэм я лІыкІуэхэр къыщІедгъэблагъэр, щхьэж и елтыкІэ къыщигъэлъэгъуэфын хуэдэу. Евразием и Ищхъэрэ Іыхьэм деж къыщежьэу, Алтаишхуэм зыщызыубгъуа тырку лъэпкъхэр континентым игуэша зэрыхъуамкІэ нэхъыбэр зэакъылэгъущ».

Конференцым къыщыпсэлъахэр тюркологэр, къудамэ зэмыщхьхэм щылажьэ тхыдэджхэр, къуэкІыпІэм зэрызиужьам зи Іэщ Іагъэр епха щІэныгъэлІхэу Урысейм, Беларусь Республикам, Венгриеми, Къазахстаным, Кьыргъызым, Узбекистаным, Монголием, Азербайджаным къикІахэр. УФ-м и ЩІэныгъэ Академием хыхьэ КъуэкІыпІэ институтым и унафэщІ Аликберов Аликбер Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр тыншу зэрыубыдын папщІэ, славянхэмрэ тырку лъэпкъхэмрэ я зэпыщІэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІам тепсэлъыхьащ:

«Тырку щыІтьхуэхэм лъэпкъыбгу зэхэт Урысей Федерацэм мыхьэнэшхуэ щабубд. Къэралым щыпсэу лъэпкъхэр быдэу зэрызэрыІыгъыж и гугъу тщІымэ, Іэмал имыІэу славян-тырку зэпыщІэныгъэхэр кьызэрекІуэкІари къыхэдгъэщыпхъэщ. Евразие Ищхъэрэм и закъуэм фІэкІа дытемыпсэлъыхьми, абдеж быдэу щызэрыубыдауэ щытащ славянхэмрэ тыркуэмрэ. Ахэр тхыдэкІэ зэлъэІэсу къызэрыГуэгурыкІуам Евразием и бгыщхьэ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъ псори зэпищІащ».

Тырку лъэпкъхэр къызэрыунэхуам теухуа конференцым мыхьэнэшхуэ зэриІэм и гугъу ищІащ Алтай Республикэм и губернатор Турчак Андрей. «Зы лъэпкъым адрейм пщІэ хуищІу, ди щІыналъэм щопсэу лъэпкъ 90-м щІигъу, дэтхэнэ зыми и хабзэр, и бзэр, кьыдекІуэкІ псэукІэ хьэлыр кьыкІэлъыкІуэ щІэблэм зэралъитГэлъэным еІІалІэу», - жиІащ Турчак. Губернаторым фІыщІэ хуищІащ УФ-м и Президентым и дэІэпыкьуэгъу Мединский Владимир конференцыр щрагъэкІуэкІыжу Алтай Республикэр къызэрыхихам папщІэ.

Урысейм и Дзэ-тхьщэ зэгухьэныгъэм щІэныгъэмкІэ и унафэщІ Мягков Михаил екІуэкІа зэхуэсышхуэм теухуауэ пресс-конференц щрагъэкІуэкІыжьым жиІащ: «Урысейм, Кьухьэпіэ къэралхэм ещхьу, зэи щІыр зэрапхъэщ, щІыхуэр яГэпщылІ, щІыхубэр я унафэ тКІийм щІагъэувэн Іэмалкіэ зиубГыуакъым».

Мягковым и псалъэхэм уигу кьагъэкІыж журналист цІэрыІуэ Соловьев Владимир и нэтынхэм яз. «Урысейм щыщ хъуа лъэпкъхэм ящыщу зыри кІуэдыжакъым, дэтхэнэ зыми и щэнхабзэри, и бзэри, и динри кьыхуэнэжащ, англо-саксхэм яубыдахэм елъытауэ», - жиІэрт Соловьевми, ар щабзу зэпидауэ щытащ нэтыным кьрагъэблагъэ политолог Сытин Александр: «А Іуэхум теухуауэ адыгэхэм феупщІ».

Илъэс блэкІам эдуэушхуэхэр зращыІлІа тхыдэмкІэ еджакІуэ тхылъкэр зыГъэкъэзырахэм язщ ищхьэкІэ зи цІэ кьитІуа Мединский Владимир. Балькъэрхэмрэ шэшэнхэмрэ я хэкум щІраша щхьэусыгъуэр захуагъэм тету кьызэрамыгъэлъэгъуар щрадгъэкІым, тхылъыр щІэрыщІэу кьратхыкІыжри, зэрымыарэзы Іыхьэхэр яхъуэжауэ щытащ. Зи гугъу тщІы конференцыр зытеухуауэ щытар куэдкІэ нэхъ тхыдэ жыжьэщ. Фы дыдэ хъунут апхуэдэ щІэныгъэ зэхуэс ди лъэпкъым и кьежьапІэмрэ ар зэрызэбгрыІэпхъуКІа щІыкІэмрэ теухуауи ирагъэкІуэкІамэ.

Хьэлъакъуиплъ Іу къэдвмыгъэкІуэхь

Депутатхэмрэ юристхэмрэ Административнэ кодексым гуэдзэн хуагъэхьэзыр. Хьэлъакъуиплъ къэзыкІуэхь сабий къезышэкІ адэ-анэхэм ахъшэ тезыру сом 1000-м щегъэжьауэ 4000-м нэс тралъхьэнущ. Зи гугъу ящІыр «квадробер» зыфІаща, псэущхьэхэм зрагъэщхьыныж хуэерыщ сабийхэрщ. Апхуэдэр зыгуэрым едзэкъауэ е нэгъуэщІ зэранигъэ иритауэ щытми, и адэ-анэр яГэтІысынкІи хъунущ. Сабийр илъэс 16 ирикъуамэ, хабзэм ирашэлІэнущ. Квадроберу ущытын хуитыныгъэр зэкІэ кьызэпаудыркъым, ауэ я быныр апхуэдэ щыкІэу зыгъэсэхъу адэ-анэхэмрэ анэшхуэадэшхуэхэмрэ мыбдеж, мы зэхъуэкІыныгъэхэр хабзэм къыхихьэнущ мазитІ-щым къриубыдэу.

ХУЭЗГЪЭФАЩІЭ зэрыхъунумкІэ, «квадробер» зыщІынПи щытГъэгъуэкъым, аэр здэщыІэр Европэмрэ Америкэмрэщ жаІэурэ, зи гугъу ящІ «хьэлъакъуиплъхэр» Мэзкуу къыдэувакІэщ, цІыху трагъэун къаІэн зыхуэзыгъэувыжкъм пщІэкІэ ирагъэблагъэщ.

«Зыбгъэдэлэным фейдэ нэхъ къыпокІуэ!» - иритхащ и телеграм-каналым ехьэкІе-нэхъкІыШхуэ зыхэмыльъ дзэ журналист Кашевароваз Анастасие. Ар зэгуигъэпащ Мэзкуу щызэбгратыкІ хъыбарегъащІэхэм я зым «квадробер къыдолъхьэуэ, сом мини 150-рэ еттынущ» жызыІэ къаззрыхэхуам. Ауэ щыхъукІэ, физикэмкІэ егъэджакІуэм кьыхуагъэльагъуэр сом мини 100-щ. «ЩЫхуэхэр балигъэну, жэуаплыныгъэ зытрагъэхуэну, я гъащІэм и унафэ ящІыжыну хуейкъым, нэгъуэщІхэм зэрахьа щІэпхъаджагъэхэмкІэ езыхэм ейр яГъэзэхуэжыну хэтщ. УнафэщІхэм ящІэнур ящІэркъыми, пэжыр щІахьымэ. АпщІондэку акъылыншхэр, сабиижьхэр, нЫкъуэделэхэр нэхъыбэ мэхъу. Пэжщ, делэхэмрэ сабиижьхэмрэ зэбгъэдэІуэну нэхъ тынншщ».

ЦІыхуэ щхьэхуэхэр дзэхьхэх зыхуэпэкІэм, псэльэкІэм, кІэщІу жыпІэмэ, зыгуэрым зыпэщІыжьын ящрыгъым уригуэзвэн хуэдизу зыщІиубГыум деж, абы тепсэлъыхьын щІадзэ. «Квадробер» щІэ гъэщІагъэуэныр зрапхыр зэрыщІыхур зыщагъэгъупщэу, джэдууэ, хьэуэ, ацльэну, кьаплъэну е нэгъуэщІ псэущхьэу захуэпэным, шхэным, кІининым, пщІэунымэ тегушхуэ сабийхэмрэ балигъэкІэмрэщ. Хэт щыщІыкІум хьэрэ джэдууэ щымытар, абыхэм я фащэ щатІагъэурэ мыджэгуар, маскэ зыІуэзымылъхьар?! ИльэсищІэм епха зыгъэщІэрэщІэкІэ Іэмалхэм зыри иригуэзвэркъым, ар зэрыгушыІэр ящІэри. Ауэ ди щыпІэхэм зэкІэщымащІэу щытми, я бынхэм я зыщІыкІэм къиГэуІэбжь, абыхэм япэльащІ папщІэ дэІэпыкъуэгъу къэзылъыхьуэ адэ-анэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Псэущхьэхэм зыпащІыжу дунейм тетыным тегушхуэ балигъэхэри щыІэщ, абыхэм ещхьу хуэпауэ школхэм екІуалІэ еджакІуэхэри ялъэгъуащ.

ХьэлъакъуиплъкІэ япэу утыку кьихьауэ жыхуаІэр япон спортсмен Ито Кэнитищ. ЦІэрыІуэ хъун хъуэпсапІэм иубыда щІалэм 2008 гъэм апхуэдэ щыкІэу метри 100 кьижауэ щытащ секунд 18,58-м. Ар интернетым щызэпрыкІа нэужь, абы зыпэзыщІыжхэм я бжыгъэм хэхъуэурэ иджы зэрыдунейуэ зэщІищІалащ.

Хэт тралъхьэ щытми, ныбжьыщІэхэр дзэхьхэха псори нэхъ хуиту ипэкІэ щыкІуэтэр Іуэхущ. Ауэ нэхъ сакъэхэм зэрыжаІэмкІэ, псэущхьэхэм зэрызыпащІыжыр хабзэкІэ хуит ямыщІ мыхъумыщІагъэхэм гъэпщкІупІэ яхуохъу. Дэ дыцІыкуІхьм, дыпсэущхьэщ жызыІэхэм зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэр яІэщ.

Квадроберхэм куэдкІэ къащхьэщыкІыркъым «фурри» зыфІэзыщІжхэри. Уеблэмэ ящыныкъуэ депутатхэм я тІури щІыхуэм хуэмыфащэу гъэуваеуэ, хабзэкІэ зэпыудын хуейуэ кьыхалъхьащ. «Фурри»-кІэ зэрджэжхэм Іэмал имыІэу цьыжкІ щыгГэн гуэр зыкІэралъхьэ, псэущхьэм нэхъ ещхьэ ищІу. ЗызыпищІыж хьэкІэхъуэкІэм ещхьу шхэуэ, ар зэрыжейм хуэдэу жейуэ, ар щыпсэу, щыгГуэлъ, щытздж щІыпІэхэр и псэукІэу егъэув.

- Квадроберхэм къэрал хабзэкІэ ущыпэщІэувэн шыналъэу щыІэкъым жызыІэ адэ-анэхэм я щхьэфхэм. ЩІыпІэ зиІэ-нущ, я сабийхэр зыхэт интернет гупхэм щатхым къеджэмэ, - жеІэ мы зэщІэхъеенигъэм нэхъыбэрэ тепсэлъыхь Тэтэрстаным и омбудсмен Волынец Ириндз: «Квадробкэ зэщІэхъеенигъэр къаГэсэбэпурэ, сабийхэр гуп мыхъумыщІэхэм хашэ, икІэм-икІэжым мыхъумыбзэхэм ящыщ хъууэ. «Фурри» зыфІэзыщыжк абыхэм я нэгъуэщІ къудамэм зыхэзыбжэхэр хуэм-хуэмурэ махуэ щыІэм ахэр гъэхуэбэн хуейщ. Хьэуар хуабэмэ, гъэупщІыпу хуейщ, батареехэр къэмыпгъыуэн щхьэкІэ. Батареер унэ розеткэм сыхьэт 12 хуэдизкІэ хуэуэздынущ, къаруушхуэ зиІэ станцым - нэхъ псынщІу.

Зэманыр тІэкІу идгъэкІуэтыжмэ, гум выи, щыди, щыи щІащІэу къеКІуэкІащ. Апхуэдэ дыдэу, щыгухэм пхъэ щэрхъ щыщІэти, хьэфэ щэрхъ щыщІагъэуви къэхъурт. Ахэр зекІуэн папщІэ, мыхьэнэ зиІэр езы гум и щытыкІэмрэ щым и къарумрэт. Ди нэкІэ зэрытлъагъущи, выгуухэри, щыгухэри, щыдыгухэри нобэ текІуэтащ. БензинкІэ лажьэ машинэ псынщІэхэми ар къащыщ къыщІэкІынщ. Нэхъ тыншу къагъэщхьэпэфыр сыт щыгъуи токІуэ.

Гу псынщІэхэр токкІэ зекІуэми, бензин кьагъэщхьэпэми, цІыхум ар къищэхуну, зэрихьэну, и пщІантІэ Іуэху ириззфІигъэкІыну Іэмал иІэныр ара къыщІэкІынщ нэхъапэр. ЦІыхум и лэжьыгъэм езыр зыхэпсэукІыж мылъку къыпэкІуэмэ, гъащІэм уэзрезэгъэн Іэмалхэм язу щыт машинэм и Іуэхури и пІэм къинэнкъым.

Плланэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Тюмень-онлайн.72.ru

● Узыншагъэ

Лышхым фыхуэсакъ

Лышх узыфэхэмкІэ УФ-м и Минздравым Дон Іус Ростов къалэм щиІэ щІэныгъэ Іуэхущ Іапіэм и докутырхэр къытхутопсэлъыхь бгъэр лышхым зэриубыдар къыиэращІэ щытыкІэхэмрэ абы зэрызыщыпхъумэфынымрэ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 15-р БгъэлышхымпэщІэтыныжмкІэ дунейпсо махуэу яГэуващ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, абы нэхъыбэрэ цІыхубзым еуалІэ лышх лІэужьыгъуэ щыІэкъым. А махуэм ирихьэлІэу Ростов онкоцентрым и щІэныгъэлІхэм къраІуэ ар къызэрыпцІыхуну щытыкІэхэр.

- БгъэлышхымныбжьитІкІэ щыІэр зэуалІэр зи ныбжьыр илъэс 60-м нэблагъэ е нэхъыжь бзыльхъугъэхэращ. ЦІыхухъуэхэми яІэщ ар, ауэ апхуэдэу куэдрэ урихьэлІэркъым. Дунейм цІыхухъуу тетым и зы процентырщ ар зыгъэунэхуар, - жеІэ щІэныгъэ Іуэхущ Іапіэм и дохутыр, медицинэ щІэныгъэмкІэ доктор Шатовэ Юлианэ. Абы бзылъхугъэхэр къыхуреджэ бгъэхэм щІэх-щІэхырэ еІусэну, ептыну икІи зыгуэрым зихьуэжауэ е шыкъыр хэлъу кьаІэрихьэмэ, Іэмал имыІэу мammолог зрагъэлІапіэну.

Мы лышх лІэужьыгъуэр къэцІыхугъуафІэщ. Бгъэм шыкъыр гуэр хэлъмэ, и плыефэм зэхуэжамэ е фэр иушкІумбауэ къыпщыхъумэ, къищэщарэ уэтэпс къиутІыпщмэ, лимоныфэм хуэдэу кумбльамб хъуэмэ, бгъэр хэкъуэмэ е зы лъэнкІуэкІэ екІуэкІауэ къыхфщыхъумэ, плыинхуэкъэр кьытридзарэ зэщІэбгагъэ, быдэыпэр ирипшамэ, уэтэпс кьикІмэ, бгъэгущІэм щІэлъ лимфэ шыкъырхэр хэхъуамэ, абы уригуэзвэн хуейщ икІи дохутыр зэгъэлІпхъэщ.

- Мы кьедбжэкІа щытыкІэхэм ящыщ зы зыдэфлъагъуэжамэ, Іэмал имыІэу, маммолог, гинеколог е онколог зэгъэлІпхъэ хуейщ. Ар зрагъэтІылъэкІ Іуэхухэм ящыщкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыр ди телъхьэкъым. Нобэ медицинэм зиужьащ, ІэмалыщІэхэр, хущхъуэ зэмылІэужьыгъэхэр куэду щыІэщ, къищынэмыщІащ, химиие, луч зэхуэхэтІэхэри хъарзынэу сэбэп мэхъу. Абыхэм я фІыгъэкІэ сымаджэр кьыІэщІэпхыфынущ зыубыда узыфэм, - кьыхигъэщащ онкоцентрым и унафэщІ Кит Олег.

- И бгъэр щІэдмыхуэ шыкъырыр кьыхьідохьифри, сымаджэр тхуогъэхъуэ, и чэзум бгъэ лышхыр кьахутамэ. Абы и закъуэкъым, бгъэ лышхыр кьыщыхагъэжым деж блэгущІэмрэ и Іэхэльхэмрэ хэлъ лимфэхэри хах. Апхуэдэ операцэм иужькІэ сымаджэм и дамащхьэр хуэмыгъэхьейуэ, и Іэблэхэр бэгъуу, ундэрабжьэу, тэмэму кьыдэмыбзу кьонэ. Ди Іуэхущ Іапіэм нэгъабэ щыдубла операцэщІэм и фІыгъэкІэ, дяпэкІэ зи бгъэм лышхыр кьыхагъэжыну сымаджэхэм апхуэдэ гуныкъуэгъуэ яІэжынукъым. КьищынэмыщІауэ, ильэс-ильэситІ ипэ операцэ ящІауэ зи лимфэхэм я лэжьыгъэр зэтеКІахэми сэбэп дахуэхъуэфынущ. Абы папщІэ, посм ярэу сымаджэм и лимфэхэм я лэжьэкІэр кьыдолъытэ. Уэ хьэлъэм зэтрикъута лимфэ системэм зы лимфэ закъуэ лажьэу хэтмэ, абы и лэжьыгъэр зэтедублэжу и дамащхьэхэм, Іэблэм, Іэм кьефыкІ узэкр щхьэщытыхьфынущ. Ди микроскопыщІэр кьэдгъэсэбэнрэ милиметр 0,2-0,3 фІэкІ мыхъу лъпынтхуэхэм долэжьыф, - жеІэ Шатовэм.

Онкологхэм зэрыжаІэмкІэ, щыІэщ бгъэ лышхыр езырезыру кьыщыпхуэмыщІыху, щыкъыри кьыщыпІэпхъмыхьэ. Абы кьыхэкІыну, ильэс къэс УЗИ, маммографие, МРТ ебгъащІмэ, и чэзум дохутыр зыкІэлъыбгъэлпъмэ нэхъыфІщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ФІыщІэ

НэхъыфІыж хъуну дыщогугъ

Ди газетеджэхэр нобэ щыгъуазэ тщІыну дыхуейщ Урысейм узыншагъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и лэжьыгъэм.

ДЭ ДЕПСэЛЪАЩ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Вэрылі Владимир Залымхъан и къуэм.

«УзыншагъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэм я Іуэху дэдгъэкІыну, я нэгу зедгъэужьыну, зэрытхузэфІэкІкІэ защІэдгъэкъуэну дыхэту, - къыджиІащ Владимир. - Дэ ди Іуэхущ Іапіэм нэхъыбэу къекІуалІэр нэхъыжьхэрщ. Ди гуапэ хъунут, щІалэгъуэм щыщхэри нэхъыбэрэ къажІуэу щытамэ.

УзыншагъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэр спортым, щэнхабзэм зэрыхэтшэным иужь диту, щІэдгъэхьуэ экскурсиехэр идогъэкІуэкІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэ дахэхэм дошэ.

Ди зэгухьэныгъэм и къудамэ щыІэщ республикэм и щІыналъэ псоми. ЩІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр къыддоІэпхъкъу абыхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуэнымкІэ. Налшык дэ щедгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм хуэдэ районхэми къыщІэІэт.

Иджыпсту ди къэралым щылажьэ «Доступная среда» программэм ипкъ иткІэ, узыншагъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэр школхэм, тыкуэнхэм, сымаджэщхэм, сабий Іыгъыпіэхэм, МФЦ-хэм тыншу щыхьэфын папщІэ, дэкІуеипІэ щхьэхуэхэр ящІ. ЦІыхубзр щызэблэкІ щыпІэ псоми а Іуэхум гулъытэ нэхъыбэ хуащІыну ди гуапэт».

Вэрылі Владимир зэман игъэту къызэрыдэпсэльами, иригъэкІуэкІ лэжьыгъэми папщІэ фІыщІэ хузощІ. Узыншэу куэдрэ Тхьэм игъэлажьэ.

АСТЕМРОКЪУЭ Хьэту.

● ФщІэн папщІэ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м сыхьэт 11-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13 хъуху Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыхухэм щаІуэщІэнущ КъБР-м и прокуратурэм коррупцэм пэщІэтыныгъэмкІэ, законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Бекъул Залинэ.

ЩекІуэкІыну щІыпІэр: Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ институтым и унэм и 109-нэ аудиторие. УэзрыщІыхьэнур: Толстоим и узрамымкІэ щыІэ КПП.

Ипэкіэ зебгъэтх хъунущ мы телефонымкІэ: 8 (8662) 40-71-30.

Бгыщхьэ Алтайр тырку лъэпкъхэм я къежьапІэщ

Жэпуэгъуэм и 8-м Алтай Республикэм щекІуэкІащ «Бгыщхьэ Алтайр тырку лъэпкъхэм я къежьапІэщ. Тырку цивилизацэм зэрыизыжьам и Іуэхукіэ» зыфІащ дунейпсо щІэныгъэ конференц.

АЛТАЙ Республикэм и нэІэ щІэту, зи гугъу тщІы дунейпсо зэхуэсышхуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Тхьщэ, Дзэ-тхьщэ, «ЩІэныгъэ» зэгухьэныгъэхэм, къэралым ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и КъуэкІыпІэ институтым.

Зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэм хэтыну кьекІуэлІахэм хъуэхъу псалъэ тхьаухуиГэхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир: «Евразиер лъэпкъыжь куэдым я къежьапІэщ, тырку лъэпкъхэри яхэту. Иджыпей щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм ялкъ иткІэ, а псоми тхьдэкІэ я лъабжьэр пасэрей Алтаймэ и бгыщхьэхэрщ. Иужьрей зэманым ди щІэныгъэлІхэми археологхэми тырку тхьбзэм, ар зыІурылъ лъэпкъхэм я псэкупсэм, щэнхабзэм я фэеплъ куэд къызэІуахащ, абыхэм Алтаймэ тхьдэкІэ щауфыд увыпІэр кьиГэльаГъуэу. Щыхьэхуэу кьыхэзгъэщІыну сыхуейщ тыркубзэри, абы ирипсалъэ лъэпкъхэм я хабзэмрэ псэукІэ хьэлымри Урысейм щызэфІэува къэрал-цивилизацэ къызэрымыкІуэм къыпхугуэмыхьи и Іыхьэшхуэу зэрыщытыр».

Конференцым къекІуэлІахэм хъуэхъу тхыГэкІэ захуигъэзащ Урысейм и тхьдэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Нарышкин Сергей:

«Нобэр къызэдэсым Алтаишхуэм тырку лъэпкъхэм я щІэиныр ехьэмэ, абы щызэфІэува пасэрей лъэпкъыжьхэм лъабжьэ быдэ зэраІэм икІи фІыуэ зэрызаужьам къыхэкІыу. Мыекъм къыхэщІыкІа фэеплъхэр, рунэ тхыГэзэхэр, шаман диныр, мыбы щагъэІурыщІа мэгъу къару зэмылІэужьыгъуэхэр ди къэралми хамэ къэралхэм щыщ щІэныгъэлІхэм я дежкІи кьигъэхъуапІэ телъыджэщ, блэкІар ираджыну. ИльэсищІэ бжьыгъэкІэ зэфІэуващ славянхэмрэ тырку лъэпкъхэмрэ я зэпыщІэныгъэр. Ар ди къэралыр и пІэ иувэмри сэбэп хуэхъуащ, абы хиубыдэ дэтхэнэ зы лъэпкъми и зыужьыныгъэм гъуэгу зэригъуэтынум и щыхьэту. Сигу кІэрІыж Къуэкіыпіэ щэнхабзэм пщІэшхуэ зэхуэсыщІу щыта Рерих Николай и псалъэхэр: «Урысейр зы расэу зэхэткым, и къарур къызыхихри аращ. Урысейр расэхэмрэ лъэпкъхэмрэ зэгуэхэкІэрэ къэуэнхуэ къэралщ».

Конференцыр къыщызэІуахым къэпсэльа, Урысейм и Дзэ-тхьщэ зэгухьэныгъэм и Унафэщі Мединский Владимир кІыхьгъащащ Евразиемрэ лъэпкъ куэд къызэрыщыунэхуар:

«Мыбдежым нобэ дунейм пщІэшхуэ щызиІэ тюрколог 70-м нэс къуэкІыпІэ тхыдэмкІэ щІэныгъэлІхэу къекІуэлІащ, хамэ къэралу щыт тырку щІыналъэхэм къикІауэ. Тырку лъэпкъхэр зэрызэбгрыІэпхъуКІа щІыкІэм Урысейми нэгъуэщІ лъэпкъ куэдми я щІыпІэр яригъэгъуэтыжащ. Евразиер дунейм щызекІуэ динхэм я мызакъуэу, лъабжьэ зиІэ цивилизацэ куэдым я къежьапІэщ. Ар щІэныгъэлІхэр щІриззадгъуэ Іуэхущ, аращ мыбы нобэ къэрал зыбжанэм я лІыкІуэхэр къыщІедгъэблагъэр, щхьэж и елтыкІэ къыщигъэлъэгъуэфын хуэдэу. Евразием и Ищхъэрэ Іыхьэм деж къыщежьэу, Алтаишхуэм зыщызыубгъуа тырку лъэпкъхэр континентым игуэша зэрыхъуамкІэ нэхъыбэр зэакъылэгъущ».

Конференцым къыщыпсэлъахэр тюркологэр, къудамэ зэмыщхьхэм щылажьэ тхыдэджхэр, къуэкІыпІэм зэрызиужьам зи Іэщ Іагъэр епха щІэныгъэлІхэу Урысейм, Беларусь Республикам, Венгриеми, Къазахстаным, Кьыргъызым, Узбекистаным, Монголием, Азербайджаным къикІахэр. УФ-м и ЩІэныгъэ Академием хыхьэ КъуэкІыпІэ институтым и унафэщІ Аликберов Аликбер Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр тыншу зэрыубыдын папщІэ, славянхэмрэ тырку лъэпкъхэмрэ я зэпыщІэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІам тепсэлъыхьащ:

«Тырку щыІтьхуэхэм лъэпкъыбгу зэхэт Урысей Федерацэм мыхьэнэшхуэ щабубд. Къэралым щыпсэу лъэпкъхэр быдэу зэрызэрыІыгъыж и гугъу тщІымэ, Іэмал имыІэу славян-тырку зэпыщІэныгъэхэр кьызэрекІуэкІари къыхэдгъэщыпхъэщ. Евразие Ищхъэрэм и закъуэм фІэкІа дытемыпсэлъыхьми, абдеж быдэу щызэрыубыдауэ щытащ славянхэмрэ тыркуэмрэ. Ахэр тхыдэкІэ зэлъэІэсу къызэрыГуэгурыкІуам Евразием и бгыщхьэ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъ псори зэпищІащ».

Тырку лъэпкъхэр къызэрыунэхуам теухуа конференцым мыхьэнэшхуэ зэриІэм и гугъу ищІащ Алтай Республикэм и губернатор Турчак Андрей. «Зы лъэпкъым адрейм пщІэ хуищІу, ди щІыналъэм щопсэу лъэпкъ 90-м щІигъу, дэтхэнэ зыми и хабзэр, и бзэр, кьыдекІуэкІ псэукІэ хьэлыр кьыкІэлъыкІуэ щІэблэм зэралъитГэлъэным еІІалІэу», - жиІащ Турчак. Губернаторым фІыщІэ хуищІащ УФ-м и Президентым и дэІэпыкьуэгъу Мединский Владимир конференцыр щрагъэкІуэкІыжьым Алтай Республикэр къызэрыхихам папщІэ.

Урысейм и Дзэ-тхьщэ зэгухьэныгъэм щІэныгъэмкІэ и унафэщІ Мягков Михаил екІуэкІа зэхуэсышхуэм теухуауэ пресс-конференц щрагъэкІуэкІыжьым жиІащ: «Урысейм, Кьухьэпіэ къэралхэм ещхьу, зэи щІыр зэрапхъэщ, щІыхуэр яГэпщылІ, щІыхубэр я унафэ тКІийм щІагъэувэн Іэмалкіэ зиубГыуакъым».

Мягковым и псалъэхэм уигу кьагъэкІыж журналист цІэрыІуэ Соловьев Владимир и нэтынхэм яз. «Урысейм щыщ хъуа лъэпкъхэм ящыщу зыри кІуэдыжакъым, дэтхэнэ зыми и щэнхабзэри, и бзэри, и динри кьыхуэнэжащ, англо-саксхэм яубыдахэм елъытауэ», - жиІэрт Соловьевми, ар щабзу зэпидауэ щытащ нэтыным кьрагъэблагъэ политолог Сытин Александр: «А Іуэхум теухуауэ адыгэхэм феупщІ».

Илъэс блэкІам эдуэушхуэхэр зращыІлІа тхыдэмкІэ еджакІуэ тхылъкэр зыГъэкъэзырахэм язщ ищхьэкІэ зи цІэ кьитІуа Мединский Владимир. Балькъэрхэмрэ шэшэнхэмрэ я хэкум щІраша щхьэусыгъуэр захуагъэм тету кьызэрамыгъэлъэгъуар щрадгъэкІым, тхылъыр щІэрыщІэу кьратхыкІыжри, зэрымыарэзы Іыхьэхэр яхъуэжауэ щытащ. Зи гугъу тщІы конференцыр зытеухуауэ щытар куэдкІэ нэхъ тхыдэ жыжьэщ. Фы дыдэ хъунут апхуэдэ щІэныгъэ зэхуэс ди лъэпкъым и кьежьапІэмрэ ар зэрызэбгрыІэпхъуКІа щІыкІэмрэ теухуауи ирагъэкІуэкІамэ.

Электромобилхэм дахуокІуэ

Урысейм 2023 гъэм щрагъэкІуэкІа бжьыгъэ щхьэщІэтэныгъэхэм кьагъэлъэгъуащ щэрыгъуэ щІыпІэхэм я 15000-м нэс зэрыщащар, ар ипэрей гъэм елъытауэ щыкІэ нэхъыбэщ. Электромобилхэр щауэсыгъ станцхэр нобэкІэ мащІэ щхьэкІэ кьэмынэу, цІыхухэр кІуэ пэтми абыхэм нэхъ дахьэх. БензинкІэ лажьэхэм елъытмэ, гупыр гъэсыныпхъэр зэрыпсэлъыпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэрыгъэсыныпхъэ зэр

Адыгейм щагъэлъагъуэ

«Советская Адыгея» газетым и сайтым щыгъуазэ дызэрищЫымкIэ, Адыгэ Республикэм и Сурэт галереем къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI Пащт-Хъан Алим «Мывэ» зыфIища и гъэлъэгъуэныгъэ-ретроспекцэр.

ЗэIУЩIэМ къыщыпсэльащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр АулI Юрэ, сурэт галереем и унафэщI Бырсыр Абдулыхь, Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, республикэм гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Абакумовэ Еленэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я гъэзэджэм и къэрал музейм и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и унафэщI Сэлэбцокъуэ Iэмират сымэ.

Адэкъ утыку кьурихьа и Iэдакъэщэкlкхэм гупсэхуу я гугъу ищIащ езы сурэтыщIым - Пащт-Хъан Алим. «Ящ дыдэрауэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Адыгейм сыщыIэну, си гъэлъэгъуэныгъэ кьыщызэIуахыну сызэригуапэр, - жиIащ Алим. - ЗэIущIэр кьызэгъэпэща зэрыхъуАми галереем и лэжьыгъэми си гур ягъэзэгъащ».

Ещанэ унэтIныгъэр «Микрокосмосымрэ макрокосмосымрэ».

- Жагъуэ зэрыхъущи, си Iэдакъэщэкl куэд, псом хуэмыдэу скульптурэхр, гъэлъэгъуэныгъэм кьызэрыщыхьар сурэтущ, ситу жыIпIэмэ ахэр Германием щахъумэ. Ауэ графикэр псори Iэрыкl пэжщ, зыгуэрым кьытемыщыкIыжауэ, - жиIащ сурэтыщIым.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщ зыщ Пащт-Хъан Алим илъэсищкIэ зэлажьа, дунейм псом нэхъ ин дыдэу кьыщалъыта фарфор вазэр.

- Мы зэхьхьэр республикэм и дежкIэ Iэхъугъуэшхуэщ, дуней псом пщIэ кьыщызылэжьа сурэтыщI цIэрыIуэр ди Iэхъугъуэм кьыщытхъуащ, - жиIащ АулI Юрэ. - ЩIыпIэ Iэджэм щыIа, гъэлъэгъуанIэ пэш куэдым я щыIэкIэ зылъэгъуа Iэщ1агъэлым и псалъэ гуапэ зэхэпхыну гухэхъуащ. Ди щIыналъэм и щэнхабзэ зыужьныгъэмкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ, мы зэIущIэм, ситу жыIпIэмэ гъуазджэм хэбакъуэ ди щIалэгъуалэм Iэмал яIэщ сурэтыщI гъуэзэджэм епсэльыпIэну, и лэжьыгъэхэр зрагъэлъагъуну, абы зыгуэркIэ дэплъеину.

Гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэIуаха пшыхьым и кIэухыу кьызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа фарфор вазэр Алим зэрищIам теухуа документальнэ фильмыр, езым и сценарийкIэ трахар.

КъыхэдгъэщынщI, Пащт-Хъан Алим Урысейм Германиемии щопсэу, Художествэхэмкlэ Урысей академиемии и дыщэ, дыжьын медалхэр кьыхуагъэфэщащ, фарфорым кьыхэщIыкIа и лэжьыгъэхэм, «Унагъуэ» зыфIища серием, Корее Илпщэм щекIуэкIа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Кязим и фэеплъ зэхыхьэхэр

Балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэ, узэщIакIуэ Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 165-рэ зэрырикъур ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ. Зэхыхьэхэр кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ Узденовхэ Iэминрэ Маринэрэ я унагъуэм исхэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Войлок. Традиции и современность» выставкэр. Ар кьызэрагъэпэщащ Мечиев Кязим кьыщалъхуа махуэм и щIыхькIэ. Декоративно-прикладной гъуазджэм щыщ лэжьыгъэ 40 кьызэщIеубыдэ абы. Апхуэдэщ балъкъэр, къэрэшей лъэпкъ щэнхабзэм ухэзыгъэгъуаз упщIэм кьыхэщIыкIа алэрыбгъухэр, фэильхьыгъуэхэр, хьэпшыпхэр. Художникхэм я лэжьыгъэхэм екIуу хауэнащ балъкъэрхэм я лъэпкъ дамыгъэхэмрэ уагъэхэмра. Зэщхьэгъусэхэм а Iэщlагъэ дахэм драгъэхьэхащ я бынхэри.

Налышк и зыгъэпсэхупIэ ХьэтIохъущIикIуэм и жыг хадэм Усыгъэм и алеем Мечиев Кязим и фэеплъ щагъэувам дежкI кьыщызэрагъэпэщащ «Кязимовские чтения» литературэ махуэшхуэр. Библиотекэм и унафэщI Балъкъыз Майе и гуапэу кьыхигъэщащ кьыхалъхьа Iэуху ягъэзджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ кьызэрыпэджэжар гуапэ зэращыхьуар. Зэхьхьэм хэтхэр Мечиевым и гъащIэмрэ гуащIэмрэ хагъэгъуэзащ, и усэхэм урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ кьеджащ. Библиотекэм и пэIущIэ пэшым щагъэуват усакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа лэжьыгъэхэр зытеть дапхъэхэр, Эстетикэ гъэсэныгъэхэмкIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ центрым щеджэ ныбжьыщIэхэм Мечиевым и тхыгъэхэм траухуа сурэтхэр.

«Только правде словом я служу» фэеплъ пшыхьыр Кулиев Кьайсин и цIэр зезыхьэ Балъкъэр Къэрал драмэ театрым жэпуэгъуэм и 4-м щекIуэкIащ. Театрым и пэIущIэ пэшым щагъэуват «Мудрец Кавказа» дэфтэрхэмрэ сурэтхэмрэ щызэхуэхьэса Iуэрыпуатэ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы ирагъэблагъащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, усакIуэр щIыналъэм щыщхэр, кьыщIэна тхыгъэхэм дихьэхэр.

Мечиев Кязим и тхыгъэхэм кьытращIыкIа литературнэ-макъамэ пшыхь гукъинэж ягъэлъэгъуащ. Пшыхьым республикэм и уэрэджы-IакIуэ нэхъыфIхэм щагъэзэщIащ Мечиев Кязим и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр, и усэхэм балъкъэрыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ актёрхэр кьеджащ.

КьищынэмыщIауэ, усакIуэр кьыщалъхуа Шэрэдж щIыналъэми фэеплъ зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Сыт щыгъуи я гум илъынущ

Тезырхэр егъэпшынымкIэ федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ Iэщ1экIэ зэщIэуэзда щIэпхъаджащIэхэр Налышк къызэрытеуэрэ илъэс 19 зэрырикъум теуху щыгъуэ пэкIу. Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымащ я лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу.

УФСИН-м и пщIантIэм дэт, зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж пенитенциар ведомствэм и гупым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Iуэхум хэтащ бзаджэщIэхэм яIэщIэкIуэдахэм я Iыхьлыхэри.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ, Кьанкъул Аслъэн ЫкIыбзэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м щIыналъэ управленэм и хэщIапIэр яубыдыну зэрыхэтар.

- Iэщ1экIэ зэщIэуэзда бзаджащIэ 12 кьытеуат ведомствэм, ауэ абыхэм ерыщу япэуащ лэжьакIуэхэр. Ар екIуэкIащ суткэм щыгъуэкIэ икIи жэпуэгъуэм и 14-м щэджагъуэм ирихьэIэу иухащ. А гуэзвэгъуэшхуэм хэкIуэдащ УФСИН-м кьулыкъу щыщIэхэм ящыщу 5, хахуагъэ кьагъэлъагъуэу щIэпхъаджащIэхэм япэщIэту. Нурсахатов Джумагелъдыи, Корчагин Иван, Хлопов Сергей, Шыкъ Элинэрэ Шыбзыхъуэ Бесльэнрэ я цIэхэр мыкIуэдыжыну Тезырхэр егъэпшынымкIэ федеральнэ кьулыкъум и тхыдэм хатхащ, ди республикэм и мамырыгъэмрэ зэпэщIынгъэмрэ лIыхъужьу я гъащIэр зэрыщIатам папщIэ, - кьыхэщIащ къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковникым.

КъБР-м и УИС-м дэлажьэ Ветеранэм я советым и тхьэмадэ Сасыкъ Анзор къызэрыхигъэщащи, илъэс 19 ипэкIэ кьэхъуа гуаузм игъэгулэзащ республикэм щыпсэу дэтхэнэри. ХэкIуэдахэм я Iыхьэ пIыхэм абы яжриIащ я ныбжьэгъуэхэм зэрахьа лIыгъэр зэи зэращымыгъупщэнур. - Фэ дыфщIыгъуу дэри дощыгъуэ. Ди гум илъыху ахэр псэущ, - гу лъариГэтащ ветераным.

Адэкъ къэпсэльащ Къэшэж Iэбу. Абы ипхъ районэхэм эздай уголовнэгъэзэщIакIуэ инспекцэ №21-м и лэжьакIуэ Шыкъ Элинэ террористхэм щауэкIащ. Налышк къалэ и Iыхь пIыхэм ОВД-м и унэм, кьулыкъур щрихьэкIыу. Къэшэжым Iуэхущ1апIэм и унафэщIхэмрэ гупымрэ фIыщIэ яхуищIащ хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм зэрыщыгъакъуэм, гулыкъэ зэрыхуащIым папщIэ.

Щыгъуэ пэкIуи и кIэухыу фэеплъым деж удз гъэгъахэр тралъхьащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Хьэщыкъуейм и дыжьыныр

● Тхэквондо

28-нэ Олимп джэгухэм хэта, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Мкртчян Маргаритэ и фэеплъу «Кавказ Ищхъэрэм и кубокыр» тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хьихьэ лIэужьыгъуэмкIэ) къэхьыным хуэунэтIа къэралпсо зэхьэзэхуэ Ставрополь краймрэ Есэнтlыгу къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн, Налышк къалэм и гимназие №4-м и еджакIуэ Хьэщыкъуейр Руслан зэпеуэм хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи и хьэлъагъ ельытауэ щызэуа гупым (кг 36-рэ) етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ. ЩIалэ ныбжьыщIэр зэхьэзэхуэм и утыкум плIэнейрэ кIихьати, щэм щытекIуэри, еппланэ кIэух зэIущIэр Прохладнэ къалэм дэс Саксадаев Аюкэ иригъэхьащ.

ГъэщIэгъуэнращи, мы зэIущIэм и пэ кIихуэу щIалитIыр щэнейрэ зэхуэзати, сыт щыгъуи Хьэщыкъуейр текIуауэ утыкум кьикIыжащ. Иджы хьэрхуэрэгъум Руслан къригъэкIуэтащ.

Кьыхэдгъэщынщи, Хьэщыкъуейр зэкIэлъэныпыту зыхэта иужьрей зэIущIэ 13-м псоми медаль зэхуэмыдэхэр кьыщихьащ. Иджырейм илэкIэ зыхэта, фокладэм и 21 - 22-хэм Къалмыкъым и къалащхэ Элиста тхэквондомкIэ щекIуэкIа чемпионат зэIухам япэ увыпIэр щиубыдащ.

Руслан и тренерэр Унэжокъуэ Абделджэбаррэ Бозиев Муслимрэщ.

ЕсэнтIыгу щызэхэта зэIущIэм гупхэм я зэпеуэм щытекIуащ Дон Iус Ростов къалэм и «Грандмастер» командэр, етIуанэр Налышк и «Пять колец»-м и гъэсэнхэрщ, ещанэр Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикIахэрщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

● Футбол

Псынэдахэм текIуэныгъэри чемпионыгъэри зыIэрегъэхьэ

Зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгуГъуитI иIэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпион хьуащ Псынэдахэ и «Родник»-р. Сыт и лъэныкъуэкIи ар и хьэрхуэрэгъуэхэм ефIэкIащ.

«ШэрэДжЫм» дригъэкIуэкIыну зэIущIэм псынэдахэдэсхэм дыщэ ямедалхэр пасэу къыхихьыдыгнут. Абы дарэжагъуэ къызэрыритыр наIуэу «Родник»-м и футболистхэм джэгур ирагъэкIуэкIащ икIи хэгъэрейхэм я гъуэм топ 13 (!) дагъэкIри, текIуэныгъэри чемпионыгъэри зыIэрагъэхьащ.

Адрейхэм куэдкIэ ефIэкIыу Дзэлыкъуэ районым и топджэгуэхэм зэпеуэр кьрахьэлIэ. Жыпlэну иригъэкIыжащ абыхэм мы гъэм зыри кьапэмыльэща дэнэ кьэна, псори зэрыхагъэщIар икIи зэ закъуэщ зэрытемыгъэкIуауэ губгъуэм кьызэрикIыжар. Я хьэрхуэрэгъуэкIи топ нэхъыбэ дыдэ (144-рэ) худа-гъэкIащ, езыхэм я гъуэр кьызэрыхагъэщIар нэхъ мащIэ дыдэрэщ (14).

Зэхьэзэхуэм и дыжьын медалхэр «Тэрчым» зэрыIэрыхьэнум шэч кьыщIытепхьэн щыIэу кьыщIэкIынукъым. Иужь джэгуГъуэм абы хигъэщIащ Алтуд къикIа «Искра»-р икIи очкоплIкIэ япэ ищащ.

Иужь увыпIэхэм щытхэми я Iуэхуэр зэхагъэкI. «Урожайнэр» зэпеуэм хэкIыжарэ, «Шэрэджэр» бжыгъэшхуэ дыдэкIэ къыщIэщIами, «Шэрджэсымрэ» «Лашынкъеймрэ» Шэджэм гуащIэу щызэпэщIэтащ. ХьэщIэхэм зы топкIэ нэхъыбэ дагъэкIри текIуэныгъэр яхьащ икIи хэгъэрейхэм очко бжыгъэкIэ яIэущIыхьэжащ.

Бабугент и «Логоваз»-м и пашэ Мокаев Таулан гуащIэауэхэм я зэпеуэм бжыпэр зэрыщIыгъащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абы я хьэрхуэрэгъуэхэм топ 35-рэ яхудигъэкIащ.

Адэкlэ фыщыщIдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и иужьрей джэгуГъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: **«Спартак-Д»** (Налышк) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **5:3**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **8:3**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Урожайнэ»** (Терекскэ) - **3:0**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Лашынкъей»** (Лашынкъей) - **2:3**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **0:0**, **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **1:13**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Искра»** (Альтуд) - **2:1**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ **ХЬЭТАУ Ислъам.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	24	23	1	0	144-14	70
2. «Тэрч»	24	21	0	3	96-25	63
3. «Искра»	24	19	2	3	100-19	59
4. «Исльэмей»	24	14	3	7	78-51	45
5. «Малка»	23	14	3	6	65-43	45
6. «Логоваз»	24	13	0	11	78-69	39
7. «Шагдий»	24	12	2	10	87-86	38
8. «Псыгуэнсу»	23	7	6	10	53-75	27
9. «Спартак-Д»	24	7	4	13	59-69	25
10. «Акъбащ»	24	5	4	15	51-95	19
11. «Лашынкъей»	24	4	3	17	38-93	15
12. «Шэрджэс»	24	4	3	17	40-104	15
13. «Шэрэдж»	24	4	2	18	36-116	14
14. «Урожайнэ»	24	2	3	19	19-85	9

Иркутск щыещанэщ

● Бокс

Иркутск къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ цIыхухъу балигъхэм боксымкIэ я урысейпсо чемпионат. Абы къыщыхэжаныкIахэр УФ-м и командэ къыхэхам хэту зыкъыщагъэлъэгъуэнут 2025 гъэм екIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэхэм. Чемпионатым кърихьэлIащ къэралым и щIыналъэ псоми я спортсмен 343-рэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и пщIэр иIэту зэхьэзэхуэм щызэуащ Къущхьэ Iэмин икIи и хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупым (кг 75-рэ) домбеякъ медалыр къыщихьащ. Ди щIалэм зэпеуэм зэIущIиплI щригъэкIуэкIащ. Япщым ар щытекIуащ, еплIанэм - кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ ныкъуэм ар щыхуэзащ Иркутск къалэм и боксер Шапачанский Егор. Мыбдеж хэгъэрейр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Къущхьэ Iэмин и ещанэ увыпIэм Iэмал кьуритащ УФ-м боксымкIэ и командэ къыхэхам хьыхьну. ЩIалэр зыгъасэр КIэрэф Залымщ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардан Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хящIапIэр: 360030, КъБР, Налышк къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.466
Заказыр №2237
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорзу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дзIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.